

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Hirup kumbuhna manusa di alam dunya, moal leupas tina kabudayaan. Antara manusa jeung budaya bisa disebutkeun lir ibarat dua sisi nu teu bisa dipisahkeun. Ekadjati (dina Danasasmita, 2001: 12) nétélakeun yén kabudayaan téh mangrupa sakabéh sistem gagasan, tindakan, jeung hasil karya manusa dina raraga kahirupan masarakat anu dijadikeun milik manusa ku cara diajar.

Gelarna karya sastra téh dilantaranan ku ayana rojongan tina diri manusa pikeun nyumponan pangabutuh batinna. Ku kituna, karya sastra dijieun sangkan bisa ngadatangkeun kasugemaan, boh kasugemaan éstétik boh kasugemaan intelék.

Kecap sastra asalna tina basa sansakerta nya éta 'sas' jeung 'tra'. 'Sas' mangrupa akar kecap dina kecap rundayan nu hartina *ngarahkeun, ngajarkeun, ngawulangkeun, mèrè pituduh atawa paréntah*, jeung *instruksi*. 'Tra' mangrupa rarangkén tukang nu biasana nuduhkeun *alat, pakakas, sarana (device)*. Jadi, upamana di hijikeun 'sastra' miboga harti pakakas pikeun miwulang, buku pituduh, buku instruksi atawa buku pangajaran (Isnendes, 2008: 1).

Karya sastra ogé mangrupa hasil cipta manusa anu diébréhkeun dina ide-ide anu digelarkeun ngagunakeun basa sacara lisan atawa tulisan. Karya sastra digelarkeun kalawan ngagunakeun media basa. Ku kituna, antara basa jeung sastra téh raket pisan patalina tur silih rojong.

Patali jeung éta hal, Sumarsono (1984: 9) nétélakeun yén karya sastra téh mangrupa rakitan basa anu éndah nu ngahudang rasa, tapi éndah di dieu lain ngan semet basana wungkul. Anu leuwih poko kaéndahan dina sastra nyoko kana eusina, nya éta naon-naon anu ditepikeunana mangrupa tarékah pikeun ngahontal bebeneran.

Sawatara ahli réa nu nyumbangkeun pamikiranana ngeunaan sastra, di antarana ngeunaan fungsi sastra. Sastra dipercaya ngandung rupaning mangpaat keur kahirupan manusa. Guna sastra nu pangkakoncarana nya éta: *dulce* 'éndah' jeung *utile* 'mangpaat'. Lian ti éta para ahli ogé ngumpulkeun sawatara guna sastra, nya éta sastra salaku (1) ajén pakakas komunikasi, (2) pakakas nuluykeun tradisi jeung révitalisasi budaya, (3) pangwangun ajén kamanusaan, jeung (4) panglipur haté. Sastra mangrupa gambaran kahirupan, sedengkeun ari kahirupan mangrupa kanyataan sosial. Ieu asumsi ngabalukarkeun munculna pamarekan umum ngeunaan hubungan sastra jeung masarakat, nya éta ngulik sastra salaku dokumén sosial, salaku potrét kanyataan sosial anu aya dina karya sastra.

Wellek jeung Werren dina Isnendes boga pamadegan yén sastra téh miboga kamampuh pikeun ngarékam ciri-ciri zaman, *peculiar merit of faithfully recording the features of the times, and of: preserving the most picturesque and expressive representation of manner.*

Dibandingkeun jeung wangun-wangun warisan budaya nontulis di Indonesia, upamana baé tradisi lisan (dongéng atawa carita pantun), candi jeung masjid, sastra tinulis tétéla leuwih punjul.

Ningali kana kaayaan jaman ayeuna, masarakat Sunda kudu ngarasa prihatin kana kaayaan sastra tinulis anu mangrupa warisan karya buhun. Karya buhun éta téh salasihijina ngawujud dina wangun naskah. Naskah nya éta wacana (téks) hasil tulisan leungeun, biasana dibeundeul atawa dibukukeun (lain hasil citak), atawa buku anu eusina wacana dina tulisan leungeun (Iskandarwasid, 2003: 90).

Salasihiji warisan karuhun urang nya éta naskah téa. Éta naskah téh eusina ngeunaan pamikiran, rasa, jeung pangaweruh masarakat jaman harita. Ku kituna, naskah bisa disebut hasil kabudayaan anu bisa méré informasi ngeunaan pola pikir hiji bangsa, sikep jeung prilaku nu hirup dina jamanna.

Kiwari masarakat Sunda geus teu bisa maham kana eusi naskah buhun anu mangrupa dokumén pamikiran, rasa jeung pangaweruh téa alatan téks naskahna ditulis dina hurup kuno anu geus jarang pisan dipikawanoh ku jalma umum. Lian ti éta, basa dina naskah ogé loba anu geus teu dipaké deui dina jaman ayeuna.

Salasihiji karya sastra anu loba ditulis dina aksara Arab-Sunda (Pégon) nya éta wawacan. Wawacan mangrupa salasihiji karya sastra Sunda buhun anu kiwari teu pati dipikawanoh ku masarakat. Ku kituna, diperlukeun hiji tarékah pikeun ngamumuléna. Tarékah anu bisa dilakukeun nya éta ku cara ngawanohkeun wawacan ka masarakat, ku cara nyieun transliterasina.

Loba tarékah pikeun miara karya sastra, hususna karya sastra Sunda sangkan teu nepi ka leungit kasilih ku paneka jaman, di antarana ku ngayakeun panalungtikan-panalungtikan kana karya sastra Sunda, boh karya sastra Sunda buhun boh karya sastra modéren. Ieu hal perlu pisan dilakukeun pikeun ngariksa

sangkan generasi nu bakal datang teu pareumeun obor kana budaya Sunda, hususna kana karya sastra Sunda.

Tarékah pikeun ngagarap naskah-naskah heubeul terus dilakonon sangkan bisa nyangking jeung nyalametkeun eusina. Dina ngulik naskah, urang bisa ngagunakeun élmu Filologi. Kagiatan model kieu mangrupa salasihiji alternatif pikeun mekarkeun kabudayaan.

Dumasar kana ébréhan di luhur, yén naskah mangrupa objék kajian filologi anu sipatna konkrét, mangka kagiatan panalungtikan filologi perlu dimekarkeun pikeun ngariksa naskah anu aya di masarakat anu geus teu kapaliré deui. Minat jeung panitén masarakat kana naskah ayeuna geus kurang, hal éta katitén tina héséna manggihan naskah nu aya.

Salasihiji anu bisa kapaluruh dina panalungtikan filologi téh nya éta unsur basa dina naskah. Wangun basa anu digunakeun dina naskah tangtu baé luyu jeung kaayaan jaman dina mangsa harita.

Nurutkeun Ruhaliah (2002: 8) naskah téh eusina ngewengku sajarah, uubaran, mantra, paririmbón, sastra, jeung sajabana. Sakapeung eusi naskah téh teu sarupa. Naskah sajarah upamana teu sagemblengna sajarah, tapi dicampur jeung sastra. Naskah nu sagemblengna sastra di antarana wawacan, guguritan jeung pantun *Ramayana*.

Salasihiji warna naskah Sunda nu loba dihasilkeun nya ditulis dina wangun wawacan, sanajan aya ogé anu ditulis dina wangun séjén. Wawacan mangrupa jengglengan sastra tina dua pangaruh, nya éta pangaruh Jawa jeung pangaruh Arab (Islam). Wawacan biasana ditulis dina wangun pupuh, hal ieu geus

jadi ciri has wawacan. Saenyana mah pupuh téh lain budaya urang Sunda tapi mangrupa pangaruh tina kabudayaan Jawa, sarta wawacan anu make aksara pégon jelas éta aksara téh pangaruh tina agama Islam.

Anu jadi ciri has wawacan nya éta leunjeuran caritana anu kauger ku wangun pupuh. Ari anu disebut pupuh nya eta puisi anu kauger ku guru lagu, guru wilangan jeung jumlah padalisan dina saban padana. Anu dimaksud guru lagu nya éta sora (vokal) dina engang panungtung unggal padalisan. Ari guru wilangan nya éta jumlah (réana) engang dina unggal padalisan (Tamsyah spk. 1996: 68).

Pupuh dina sastra Sunda téh aya 17 nya éta Kinanti, Asmaranadana, Sinom, Dangdanggula, Balakbak, Maskumambang, Ladrang, Pucung, Lambang, Mijil, Durma, Pangkur, Gambuh Gurisa, Wirangrong, Magatru, jeung Jurudemung. Masing-masing mibanda watek jeung patokan séwang-séwangan, anu luyu jeung laguna atawa cara nembangkeunana.

Tina sajumlahing panalungtikan naskah Sunda anu kungsi ditalungtik, boh ku bangsa deungeun boh ku pribumi, tacan aya anu nalungtik ngeunaan naskah Sunda nu asalna ti Garut anu judulna *Wawacan Abu Nawas*. Ieu naskah ditulis ngagunakeun aksara Pégon tur diréka dina wangun wawacan (pupuh).

Anapon hal séjén anu ngalantarankeun ieu masalah kudu ditalungtik nya éta sangkan urang nyaho kana pamikiran, rasa jeung pangaweruh masarakat Sunda alam harita. Sakumaha anu geus diébréhkeun di luhur, yén naskah Sunda téh geus jarang nu bisa macana lantaran ngagunakeun aksara kuno anu geus teu dipikawanoh ku masarakat jaman ayeuna. Salasahiji tarékah sangkan ieu naskah

bisa dibaca, dimumulé jeung digunakeun ku masarakat jaman kiwari nya éta ku cara *transliterasi naskah* (alih aksara naskah).

Ku ayana ieu panalungtikan, hal-hal anu matak hésé kana pamahaman ieu naskah, upamana waé alatan tulisanana makè aksara buhun, basana teu dipikaharti, sarta eusina anu teu ka gambarkeun, rélatif bisa disingkahan, ku kituna naon-naon anu aya dina ieu naskah bisa dipikaharti ku masarakat jaman kiwari. Sajaba ti alih aksara, panalungtik ogé baris nganalisis ngeunaan kasastraanana, ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “*Wawacan Abu Nawas: Transliterasi jeung Analisis Struktural-Sémiotika*”.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

Sangkan ieu panalungtikan henteu lega teuing ambahanana ku kituna diayakeun watesan jeung rumusan masalah, saperti di handap ieu.

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang, masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan nya éta transliterasi jeung analisis struktural sémiotika kana naskah Sunda anu judulna *Wawacan Abu Nawas*.

Transliterasi anu dilakukeun mangrupa hasil alih aksara anu sagemblengna teu maké édisi jeung kritik téks. Dina nganalisis strutur caritana, panalungtik ngagunakeun téori Stanton anu anu nyebutkeun yén unsur-unsur anu ngawangun karya sastra téh kabagi jadi 3, nya éta: (1) téma jeung masalah, (2) fakta carita (palaku, galur, jeung latar), (3) sarana carita (*point of view* jeung gaya basa).



Unsur anu dipaké dina nganalisis struktur carita *Wawacan Abu Nawas* diwatesan kana fakta carita nu ngawengku palau, galur, jeung latar.

Dina nganalisis unsur sémiotikana, panalungtik ngagunakeun tiori Peirce anu ngabagi tanda dumasar kana sipat anu ngahubungkeun tanda jeung dénotatumna nya éta *ikon, indéks* jeung *simbol*.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar watesan masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha déskripsi naskah *Wawacan Abu Nawas* téh?
- 2) Kumaha transliterasi tina naskah *Wawacan Abu Nawas* téh?
- 3) Kumaha analisis struktural tina naskah *Wawacan Abu Nawas* téh?
- 4) Kumaha analisis sémiotika tina naskah *Wawacan Abu Nawas* téh?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan kabagi jadi dua rupa, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho eusi carita naskah *Wawacan Abu Nawas*.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan:

- 1) Ngadadarkeun déskripsi naskah *Wawacan Abu Nawas*;
- 2) Ngébréhkeun hasil transliterasi naskah *Wawacan Abu Nawas*; jeung
- 3) Nganalisis unsur sastra kalayan ngagunakeun analisis struktural sémiotika kana naskah *Wawacan Abu Nawas*.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat anu kabagi jadi dua rupa, nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis anu nyangkaruk dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban widang paélmuan nu aya patalina jeung filologi sarta kasusastraan Sunda.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Aya sababaraha mangpaat praktis tina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) Pikeun panalungtik, nambahan pangaweruh ngeunaan filologi sarta bisa meunang gambaran ngeunaan carita anu aya dina *Wawacan Abu Nawas*.
- 2) Pikeun mahasiswa séjén, bisa mèrè tambahan pangaweruh ngeunaan naskah Sunda buhun utamana dina kajian filologis jeung analisis struktur sémiotikna.



- 3) Pikeun masarakat umum, bisa maca ieu naskah (anu asalna ditulis dina aksara pégon) kalawan gampang. Lian ti éta, masarakat bisa maham kana eusi ieu wawacan. Sajaba ti éta, pikeun miara kasusastraan Sunda buhun sangkan teu musnah.

### 1.5 Wangenan Istilah

Pikeun ngécéskeun masalah anu baris dipedar, ieu panalungtikan ngagunakeun istilah-istilah ieu di handap.

- 1) *Wawacan*, nya éta carita anu didangding, digelarkeun dina puisi pupuh. Kulantaran ngalalakon, téks (wacana) wawacan téh umumna paranjang, mindeng gunta-ganti pupuh, biasana marengan ganti épisode (Iskandarwasid, 1992:168)
- 2) *Abu Nawas*, nya éta ngaran tokoh lucu dina carita heubeul (bisada dina carita *Seribu Satu Malam*) tapi tetep diaku salaku ulama (sufi) alatan kapinteranana jeung kapercékaanana.
- 3) *Transliterasi*, asalna tina dua kecap nya éta *trans* jeung *litera*. *Trans* hartina alih ari *litera* hartina aksara. Transliterasi sarua hartina jeung transkripsi, nya éta nyalin téks naskah. Upamana baé nyallin téks naskah aksara Arab kana aksara Latén, tapi lain hartina narjamahkeun, lantaran basana mah sarua.
- 4) *Analisis* nya éta (1) *penyelidikan terhadap suatu peristiwa (karangan, perbuatan dan sebagainya) untuk mengetahui kenyataan yang sebenarnya, sebab musabab dan sebagainya.* (2) *Penguraian suatu pokok atas berbagai bagiannya dan penelaahan bagian itu sendiri serta hubungan antar bagian*

*untuk memperoleh pengertian yang tepat dan pemahaman arti keseluruhan.*

*(3) Penjabaran sesudah dikaji sebaik-baiknya. Pemecahan persoalan yang dimulai dengan dugaan akan kebenarannya. (KBBI, 2001: 23).*

- 5) *Struktural*, anu disebut struktur dina sastra nya éta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra; gembleng boga ma'na. Dina prosa upamana, kumaha ngaréka unsur-unsur téma, plot, latar, jeung tokoh, nepi ka bisa ngawujud jadi carita pondok atawa novel (Iskandarwasid, 1992: 153)
- 6) *Sémiotika*, nya éta élmu anu secara sistematis nalungtik tanda-tanda, lambang-lambang, sistem-sistemna, jeung proses perlambangan (Luxemburg 1984: 44 dina Santosa 1990: 3).

### **1.6 Asumsi**

Asumsi nya éta titik pamiangan anu bebeneranana teu perlu dibuktikeun deui. Anapon asumsi dina ieu panalungtikan di antarana nya éta:

- 1) Naskah Sunda mangrupa asét budaya bangsa anu miboga ajén inajén anu luhung.
- 2) Wawacan mangrupa hasil karya sastra buhun.
- 3) Wawacan mangrupa carita rékaana nu mibanda unsur carita sarta miboga struktur anu ngawangun caritana.
- 4) Naskah Sunda bisa diulik, ditransliterasi tur dianalisis struktur jeung sémiotika tina eusina sarta hasilna bisa dipublikasikeun ka masarakat.

## 1.7 Raraga Nulis

Sanggeus data réngsé dianalisis, tahap ahir dina ieu panalungtikan nya éta nyusun hiji laporan dina wangun skripsi. Raraga nulisna kabagi jadi lima bab, nya éta:

Bab I dijudulan bubuka, anu eusina ngawengku kasang tukang panulisan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan istilah, asumsi, rangkay tiori, jeung raraga nulis.

Bab II dijudulan filologi, wawacan, struktur carita jeung sémiotika, anu eusina ngawengku harti filologi, tujuan filologi, objék filologi, harti wawacan, sajarah kamekaran wawacan, papasingan wawacan, struktur carita wawacan, pupuh nu digunakeun, harti sémiotik, ikon, indéks, simbol jeung sajarah kamekaran sémiotik.

Bab III dijudulan métodologi panalungtikan, anu ngawengku sumber data, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrument panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

Bab IV dijudulan *wawacan abu nawas*: transliterasi jeung analisis struktur sémiotika, eusina ngawengku hasil transliterasi jeung analisis struktural sémiotika tina naskah *Wawacan Abu Nawas*. Anapon pedaranana ngawengku: déskripsi naskah, transliterasi naskah, analisis struktural anu diwatesan kana fakta carita (palaku, galur, jeung latar), analisis pupuh anu digunakeun (kasalahan guru lagu, jeung guru wilangan), analisis sémiotika (tanda ikon, indéks jeung simbol).

Bab V dijudulan kacindean jeung saran, anu eusina nyindekkeun hasil panalungtikan sarta maparin saran pikeun panalungtikan salajengna.